3. Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 9-том, 374-б.
4. Мақсетов Қ., Тәжимуратов А. Қарақалпақ фольклоры. –Н.: «Қарақалпақстан», 1979.
5. Базарбаев Ж. Өзликти аңлаў-мәнаўият өзеги. –Нөкис: «Илим», 2016. 160-б.
6. Әлеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. –Нөкис: «Билим», 1963, 504-б.
7. Тлегенов А. Воспитание у подростков духовно-нравственных ценностей средствами народных дастанов. (на метериалах дастан «Алпамыш». Автореф дисс на соис уч степ конд пед наук. –Ташкент: 1998.
8. Пазылов А. «Әдеп-икрам тәрбиясы» (Қарақалпақ халық дәстанлары мысалында). –Нөкис: «Билим», 1993.
9. Базарбаев Ж. Әдеп философиясы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2010, 208-б.
10. Базарбаев Ж., Пазылов А., Алымов Ә., Кназбаев О. Қарақалпақ этнопедагогикасы. –Нөкис: «Билим», 2010.
11. Мақсетов Қ., Тәжимуратов А. Қарақалпақ фольклоры. –Н.: «Қарақалпақстан», 1979.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ фольклоридаги бизга мерос болган талим тарбиявий фикрлардан фойдаланиш имкониятлари хақида суз юритилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются возможности использования образовательных идей, унаследованных нами от каракалпакского фольклора.

**SUMMARY**

The article discusses the possibilities of using educational ideas inherited by us from the Karakalpak folklore.

## ZAMANAGÓY SPORTTA JAS SPORTSHÍLARDÍ TAŃLAW MASHQALALARÍ

**M.B.Ramazanov –** *assistent oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik dene tárbiyası hám sport universiteti Nókis filialı*

**Tayanch so`zlar:** sport, tanlash, sportchi tayyorligi, jismoniy mashq, natija, bosqichli tayyorgarlik, rivojlanish, usul.
**Ключевые слова:** спорт, отбор, тренировка спортсмена, тренировка, результат, пошаговая тренировка, развитие, метод.
**Key words**: sport, selection, athlete training, training, result, staged training, development, method.

Sportta orınbasarlardı tayarlawda keleshek jas sportshılardıń tańlaw tártibi áhmiyetli rol oynaydı. Sportta joqarı nátiyjelerdi kórsetiw ushın sportshıda joqarı dárejede rawajlanǵan ayrıqsha morfologiyalıq kórsetkishler, ájayip fizikalıq hám ruwxiy qábiletler kompleksi bolıwı kerek.

Sportta tańlaw bul, qaysı bir sport túrinde joqarı nátiyjege erise alatuǵın qabiletli, talantlı, adamlardı tabıw procesi. V.P.Fillinniń pikirinshe, pedagogikalıq, sociallıq, ruwxıy, tábiyiy-biologiyalıq izertlew (ilimiy tekseriw) metodların óz ishine alatuǵın shólkemlesken metodikalıq ilajlardıń kompleks tártibi túsiniledi, sonıń tiykarında aırım bir sport túrinde qánigelesiw ushın balalardıń qábiletleri anıqlanadı [5:201].

Sportta tańlaw kóp basqıshlı, kóp jıllıq process bolıp sportta tayarlıqtıń barlıq basqıshlarında ámelge asırıladı. Ol sportshılardıń qábiletlerin hár tárepleme úyreniwge tiykarlanıp sol qábiletlerdiń payda bolıwı ushın jaqsı sharayat jaratıwǵa qaratıladı.

Sportta tańlaw úsh basqıshta ámelge asırıladı:

Dáslepki – bunda balanıń morfofunkcional hám ruwxıy ózgesheliklerin esapqa alǵan halda durıs sport túrin tańlaw wazıypasın sheshedi.

Aralıq- bul 2-3 shınıǵıw basqıshlarında shuǵıllanıwshılarda sport nátiyjesin qánigelestiriw qábiletin anıqlaw wázıypasın sheshedi.

Juwmaqlawshı – xalıqaralıq kólemdegi nátiyjelerge tańlaw máselelerin sheshedi [1:223].

Kóp jıllıq tayarlıqtıń birinshi basqıshında tańlawdıń wázıypası – balanı sportqa baǵdarlaw ushın bir sport túrin tańlap alıwǵa járdem beriwden ibarat.

Balanıń keleshektegi jeńislerin anıqlaytuǵın faktor, sport penen shuǵıllanıwdı qaysı jastan baslaw kerekligi menen belgilenedi. Usı faktor kópshilik shet el hám jergilikli ilimpazlardıń izertlewlerinde hár qıylı nátiyje kórsetip alımlar ortasında tartıs hám qarsı pikirlerdi keltirip shıǵarmaqta. Olar balalardı sportqa erte alıp keliw kerekpe yaki kesh alıp kelgen maqul ma, qaysi biri jaqsı nátiyje beredi degen pikirler menen ortaǵa shıqpaqta.

Jáhánniń kóplegen elleriniń sport mekteplerinde jaqsı nátiyjeler sporttıń tabiyiy túrde jasartıw tendenciyası menen belgilenbekte. Bul jaǵday, balalar hám jas óspirimler sport mektepleriniń sabaqlarında, jarıslarında, jasi úlken sportshılar ushın túrli shegaralar kirgiziwde óz sáwleleniwin kórsetpekte. Tájiriybeniń kórsetiwinshe bunday jaqınlasıw qolaysız aqıbetlerge alıp keledi. Usınday awhalǵa bir neshe márte qánigeler dıqqat awdarǵan (V.M.Chudin, Platonov, Saxkovskiy) olar tabiyiy "jasartıw" sport tańlawı kóp jıllıq tayarlawdıń nızamlarınıń buzılıwına alıp kelgenin kórsetedi.

Máselen, V.M.Chudin sport penen shuǵıllanıwdı baslaǵan jası, tek ǵana 19% ǵana belgilengen jasqa (balalar jas óspirimler sport mektebiniń sabaǵında keltirilgen) durıs keletuǵının kórsetip ótken. Sporttıń kóp túrlerinde jeńimpaz sportshılardıń shınıǵıwlardı baslaǵan jası belgilengen jastan 3,5 jasqa artıq bolıp bólinedi [3:144].

Házirgi waqıtta dúnyanıń túrli mámleketlerinde 3-5 jaslı balalardı hátteki gódeklerdi júziwge úyretiwge umıtılıw bar. Geybir balalar sport mektepleriniń shınıǵıwlarına balalar baqshalarınan qatnastırılmaqta.

N.J.Bulgakovtıń baqlawlarına qaraǵanda 11-12 hám 16-17 jastaǵı balalardıń morfologiyalıq hám fiziologiyalıq kórsetkishlerinde baylanıslılıq bar [2:82].

Biraq, bul degeni balalardı jaslayınan sportqa erte tartıw degendi bildirmeydi. Sebebi, jas sportshılardıń hár tárepleme fizikalıq jaqtan rawajlanıwınıń haqıyqıy dárejesi kórsetkishleri keltirilgeni menen sáykes, balalar hám óspirimler sport mekteplerine tańlaw ushın turaqlı kriteriya bolmaydı. Óytkeni, hár túrli jaǵdaylarda jeńiske erisiw ózgeshelikleri jıynaǵı menen anıqlanadı hám hátte qolaysız tásir kórsetiwshi máselen, júziw nátiyjelerine jaman tásir tiygiziwshi sıpatlar basqa sıpatlardıń anaǵurlım rawajlanǵanlıǵı menen kompencaciyalanadı.

Hár bir sport túrine tán shuǵıllanıwdı baslawdı aqılǵa salıw waqtı anıqlanadı. Bul, óz gezeginde, tańlaw hám baǵdarlaw qatarına óziniń tásirin tiygizedi. (1-tablica) Baslanǵısh tayarlaw toparlarında balalardı qabıl etiwdiń jas shegaraları [2:84].

| Sport túri | Jası | Sport túri | Jası |
|---|---|---|---|
| Júziw | 7-8 | Basketbol | 10-11 |
| Tennis | 8-9 | Voleybol | 10-11 |
| Akrobatika | 8-9 | Futbol | 10-11 |
| Figuralı ushıw | 7-8 | Gandbol | 10-11 |
| Kórkem gimnastika | 7-8 | Qılıshpazlıq | 10-11 |
| Sport gimnastikası (er balalar) | 8-9 | Baydarkada eskek esiw | 11-12 |
| Sport gimnastikası (qız balalar) | 8-9 | Kanoeda eskek esiw | 11-12 |
| Badminton | 9-10 | Jeńil atletika | 11-12 |
| Biatlon | 9-10 | Boks | 12-13 |
| Lija jarısı | 9-10 | Velosport | 12-13 |
| Akademiyalıq eskek esiw | 10-11 | Awır atletika | 13-14 |

Bunnan kórinip tur, yaǵnıy keltirilgen usınıslar túrli sport túri menen shuǵıllanıwdı baslaw boyınsha maǵlıwmatlarǵa sáykes keledi.

Usıllardan kelip shıqqan jaǵdayda balalardı shınıǵıwǵa 6-7 jasınan qatnastırıwda sport mektebiniń basshıları tómendegilerdi kózde tutıwı kerek:

Birinshiden, sportqa uqıplıǵın aldınnan anıqlaw, maǵlıwmatlardıń isenimli bolıwın kemeytedi.

Ekinshiden, zamanagoy sport túrleri ózgeshelikleri sportshı organizmine sonday joqarı talaplar qoymaqta, bunıń nátiyjesinde sport penen shuǵıllanıwdı erte baslaǵan balalar sporttan erte ketip qalmaqta. Haqıyqatında da baqlawlardıń kórsetiwine qaraǵanda, shınıǵıwlardı 6-8 jastan baslaǵan balalar kóp jaǵdayda sporttan 15-27 jasta yaǵnıy joqarı nátiyjelerge jetisiw ushın eń bir aqılıy jasqa jetken waqtında shıǵıp ketpekte [3:144].

Bul sorawlar boyınsha arnawlı tájiriybeler ótkerilmegen, biraq belgili maǵlıwmatlardıń kórsetiwinshe 4-6 jaslı balalar menen sport jumısın shólkemlestiriw nátiyjesiz juwmaqlanbaqta hám hátteki, balalardıń sportta rawajlanıwǵa erisiwge zıyanın tiygizbekte. Ámeliyattıń kórsetiwine qaraǵanda, joqarı nátiyjelerge erisiw maqsetinde sportqa balalardı qatnastırıwdı 2-2,5 jıl erte baslaǵannan kóre, belgilengen jas shegaralarında baslaw, hátte keshirek baslaǵan nátiyjeli bolmaqta [2:168].

Balalar hám jas óspirimler sport mektebine qabıl etiw ushın tańlawdıń zárúrlik shárti, balalardı dáslep sporttıń túri haqqındaǵı oylandırıwshı májbúriy shınıǵıwlardı kesh ótkeriwde. Bunday shınıǵıwlar 30 sabaqtan kem bolıwı maqsetke muwapıq keledi. Bul usıl balalarǵa bir tárepten turmısta kerek bolatuǵın kónlikpeler berse, basqa tárepten balalardıń keleshegin baqlaw juwmaǵın arttıradı. Ǵalabalıq oqıtıw bolmasa, sport túrleri boyınsha uqıplılıqqa iye balalardı tańlaw qıyın boladı, balanı juwırıwǵa yaki velosiped aydawǵa ıqlası ba rma degen sorawǵa juwap tabılmaydı. Sonlıqtan, baqlaw waqtında-aq joqarı nátiyjeler sportta jeńiske erisiwdi támiynleytuǵın sapa hám uqıpqa kewil bóliw zárúr, waqtınsha xarakterge iye bolǵan úyretiw waqtında kózge túsiwi múmkin bolǵan belgilerdi tańlaw waqtı sıpatında qollawǵa bolmaydı.

Kópshilik izertlewshilerdiń pikirine qaraǵanda 11-13 jaslı balalardıń 15-20 % fizikalıq rawajlanıwı erte boladı. Olar óz qatarlarınan boyı hám salmaǵı, bulshıq etleri háreketi kórsetkishleri bálentligi, ásirese, sport texnikalarınıń jaqsı ózlestiriwinen ústin bolıp keledı. Eger, bul faktler joqarı bolmasa da normal rawajlanıp atırǵan balalarǵa salıstırǵanda 2-4 % rawajlanıwı tómen balalarǵa salıstırǵanda 4-8% bıraq trenirovka kólemi hám nátiyjeler sezireli dárejede kórsetkishke iye boladı [2:96].

Sonı tastıyıqlap ótiwimiz kerek, baslanǵısh tańlawda (jasartıw) tendenciyasına qarap jol tutıw nátiyjesi azlıq etedi. Tiykarınan, ol turaqlı emes trenirovka nátiyjesine baylanıslı hám tańlaw procesinde ekinshi bolıp esaplanadı. Baslanǵısh tańlawda geyde bilimi jeterli bolmaǵan trenerler maqullaytuǵın sport túrine sáykes bolmaǵan sınawlar ótkeriw ulıwma payda bermeydi hám sportshınıń keleshektegi kriteryası bola almaydı. Máselen, belgili shanǵıshı G.Kulyakova sport penen shuǵıllanıwdı 20 jasta baslaǵan, konkiyde júriw boyınsha olimpiya oyınları chempioni G.Stepanskaya 17 jasında, velosport boyınsha belgili sportshılar N.Gorelev, V Komenskiy, A.Shukanovlar 17-18 jastan baslaǵan [4:43].

Balalardı belgili bir sport túrine qatnastırıw haqqındaǵı qarar bir yaki eki belgi boyınsha emes, balkim barlıq kriteryalardıń jıynaǵınıń bahası boyınsha qabıl etiliwi kerek. Kóp jıllıq tayarlıqtıń usı quramında quramlıq jaqınlasıwdıń ayrıqsha áhmiyeti sonda, sport nátiyjesi bul jerde jas sportshılardıń bolajaq keleshegi haqqında derlik hesh qanday maǵlıwmat bermeydi.

## Ádebiyatlar


1. Kerimov F.A “Sport kurashi nazariyasi va uslubiyati”. –Toshkent: O’ZDJTI 2007. 330-b.
2. Кожухова Н.Н., Рыжкова Л.А., Борисова М.М. "Теория и методика физического воспитания детей дошкольного возраста: Схемы и таблицы". - М.: 2003. –С.192.
3. Глазирина Л.Д. “Физическая культура дошкольникам” программа и програмные требования. -М.: 2001. –С. 144.
4. Гусков С.И., Дектярева Е.И. “О физическом воспитании дошкольников в зарубежных странах”. // Физическая культура: воспитание, образование, тренировка. 1996. №3. -С.43-49.
5. Саломов Р.С. “Спорт машғулотининг назарий асослари”. -Т.: 2007. 235-б.



**REZYUME**

Maqolada sportda yosh, iste’dodli sportchilarni tanlash, kasbga yo’naltirish masalalariga e’tibor qaratiladi. Sportchini tanlash tushunchasi, tanlash bosqichlari va vazifalari ko’rib chiqiladi. Sportda yoshartirish tendensiyasi haqida ma’lumotlar beriladi.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена отбору и ориентации юных талантливых спортсменов в спорте. Также обсуждается концепция отбора спортсмена, этапы отбора и задачи. Информация о тенденции омоложения в спорте.

**SUMMARY**

The article is devoted to the selection and orientation of young talented athletes in sports. It will be discussed the concept of athlete selection, stages of selection and tasks. Information on the trend towards rejuvenation in sports.


# ФИЗИКА ТАЪЛИМИДА ТИЗИМЛИ ЁНДАШУВ УСУЛИНИ ҚЎЛЛАШ САМАРАДОРЛИГИ


**Д.С.Рўзиева** - *катта ўқитувчи*

*Бухоро муҳандислик - технология институти*



**Таянч сўзлар:** тизимли ёндашув, тизим тамойиллари, касбий компетенция, моделлаштириш, ахборотлаштирилган муҳит.

**Ключевые слова:** системный подход, системные принципы, профессиональная компетентность, моделирование, информационная среда .

**Key words:** system approach, system principles, professional competence, modeling, information environment.


Таълим тизими жараёнлари юқори даражада ривожланган Буюк Британия,Франция, Германия, АҚШ, Исроил, Япония, Жанубий Корея, Хитой Халқ Республикаси ва бошқа ривожланган давлатлар таълим тизимида физика таълими ишлаб чиқаришнинг асосий бўғини ҳисобланиб, жаҳон меҳнат бозорига малакали мутахассислар тайёрлашнинг муҳим босқичлари ва ташкил этувчиларидан бири деб қаралади. Ривожланган мамлакатларнинг University of Technology Malaysia (Малайзия), Harvard University (АҚШ) каби етакчи университетларида таълим олувчиларни замонавий ишлаб чиқариш муҳитига мослаштириш, шу билан бир қаторда, глобаллашув шароитида халқаро таълим интеграцияси имкониятларидан фойдаланиш билан боғлиқ касбий муаммоларни замонавий материалларни мукаммаллаштириш асосида ҳал қилишга катта аҳамият қаратилмоқда. Бўлажак муҳандисларнинг касбий компетенцияларини шакллантиришда аниқ ва табиий фанлар тизими асос бўлиб хизмат қилиши долзарб ҳисобланади.